


**Pa Prezidan
Henry B. Eyring**

Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Sèvis ak lavi etènèl

Sovè a se egzanp nou nan sèvis dezenterese. Li te pase lavi pafè li ap sèvi Papa nou ki nan syèl la ak tout pitit Papa li ki nan syèl la. Objektif Papa a ak Pitit Gason an genyen ansanm se bay tout moun don imòtalite a ak benediksyon lavi etènèl la (gade Moyiz 1:39).

Pou nou kalifye pou lavi etènèl la, nou dwe chanje atravè Ekspyasyon Jezikri a—nou dwe nadenouvo epi pwòpte anba peche. Sepandan, timoun piti ki gen mwens pase ywitan yo, yo san peche epi yo rachte pa mwayen Ekspyasyon an (gade Mozya 3:16, 21; Mowoni 8:10–12).

Pou nou tout ki rive nan laj rezon, gen yon bèl plan ki rann posib pou nou pwòpte anba peche ak prepare pou lavi etènèl. Preparasyon sa a kòmanse avèk batèm nan men yon moun ki gen otorite prèttriz la ak nan resevwa Sentespri a. Apre sa, nou dwe toujou sonje Sovè a epi kenbe kòmandman li te ba nou yo.

Wa Benjamen te pale avèk pèp li a nan Liv Mòmmon an osijè lajwa ki genyen lè moun santi yo padone anba peche atravè Ekspyasyon Jezikri a. Apre sa, li te anseye yo ke, pou yo kontinye kenbe remisyon peche yo, yo dwe anseye pitit yo pou youn sèvi lòt epi yo dwe gen otan jenewozite yo kapab pou yo ka satisfè bezwen tanporèl ak espirityèl moun ki bo kote yo. (Gade Mozya 4:11–16.)

Li te anseye: “Gade, m di nou bagay sa yo pou nou

kapab aprann lasajès; pou nou kapab aprann lè n ap sèvi pwochen nou yo, se sèlman nan sèvis Bondye nou ye” (Mozya 2:17).

Jezi t al preche levanjil Li a epi l tal fè byen (gade Travay 10:38). Li te geri moun malad. Li te resisite moun mouri. Avèk pouvwa Li, Li te nourri dè milye moun lè yo te grangou e yo pa t gen manje (gade Matye 14:14–21; Jan 6:2–13). Apre rezireksyon li, Li te bay plizyè nan Apot Li yo manje lè yo te vin sou rivaj Lanmè Galile a (gade Jan 21:12–13). An Amerik, Li te geri malad yo e li te beni timoun yo youn pa youn (gade 3 Nefi 17:7–9, 21).

Apot Jak te anseye nou kouman santiman ki fè nou sèvi lòt moun nan sòti nan gratitud nou genyen pou sa Senyè fè pou nou:

“Men, moun ki fikse je l sou lwa libète ki pafè a, epi ki pèsevere ladan l, ki pa koute pou l bliye, men ki fè travay la, moun sa a ap beni nan aktivite li. . . .

“Relijyon ki pi epi san tache devan Bondye Papa a se sa a: vizite moun ki ofelen yo ak moun ki vèv yo nan afliksyon yo, epi ki kenbe tèt li san tach devan mond la” (Jak 1:25, 27).

Yonn nan bagay ki banou asirans ke nou pirifye se yon pi gwo dezi nou vin genyen pou nou sèvi lòt moun pou Sovè a. Ansèyman ak vizit nan fwaye vin plis tounen yon jwa pase yon obligasyon. Nou vin twouve nou ap ofri sèvis nou pi souvan nan yon lekòl nan zòn

nan oubyen ede pran swen moun ki pòv nan kominote nou an. Menmsi nou gen dwa pa gen anpil lajan pou nou bay moun ki gen mwens yo, nou swete nou ta gen plis pou nou ta kapab bay plis (gade Mozya 4:24). Nou twouve nou byen dispoze pou sèvi pitit nou ak pou montre yo kijan pou yo sèvi lòt moun.

Amezi nati nou ap chanje, nou vin gen dezi pou nou rann pi plis sèvis san fè moun remake sa nap fè. Mwen konnen kèk disip Sovè a ki bay gwo don lajan ak sèvis avèk yon detèminasyon pou okenn moun pa konnen, eksepte Bondye ak pitit Bondye ki benefisye sa yo. Bondye rekonèt sèvis moun sa yo epi li beni yo nan lavi sa a, e l ap beni yo nan lavi etènèl ki gen pou vini an (gade Matye 6:1–4; 3 Nefi 13:1–4).

Lè nou respekte kòmandman pou nou sèvi lòt moun nan (gade Matye 22:39), nou santi yon chanjman nan santiman ògèy nou yo. Sovè a te korije Apot Li yo lè yo tap diskite pou yo konnen kiyès ki t ap pi gran nan pami yo. Li te di:

“Pa kite yo rele nou chèf; paske nou gen yon sèl chèf, se Kris la.

Men, moun ki pi gran nèg nan mitan nou an se moun k ap sèvi nou an” (Matye 23:10–11).

Sovè a anseye nou kijan nou kapab aprann sèvi lòt moun. Li te sèvi avèk pèfeksyon, e nou dwe aprann sèvi jan l te aprann—liy apre liy (gade D&A 93:12–13). Atravè sèvis nou rann, nou kapab vinn plis tankou Li. N ap priye avèk tout enèji kè nou pou nou renmen enmi nou yo jan li renmen yo a (gade Matye 5:43–44; Mowoni 7:48). Apre sa nou kapab finalman vin anmezi pou nou gen lavi etènèl avèk li menm ak Papa nou ki nan Syèl la.

Mwen pwomèt ke nou kapab vin sèvi pi pafètman si nou suiv ansèyman ak egzanp Sovè a.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Èldè M. Russell Ballard nan Kolèj Douz Apot yo ankouraje nou pou nou priye pou opòtinite pou nou sèvi: “Nan priye maten nou chak jou, mande Papa nou ki nan syèl la pou l ba nou direksyon pou nou ka rekonèt yon opòtinite pou sèvi youn nan pitit presye l yo. Apresa pase jounen an. . . ap chèche yon moun pou nou ede” (“Be Anxiously Engaged,” *Ensign* oswa *Liahona*, Nov. 2012, 31). Panse pou nou envite moun n ap anseye yo pou yo fikse bi pou yo priye chak maten

pou yo jwenn opòtinite pou rann sèvis epi apre sa pou yo chèche opòtinite sa yo pandan tout jounen an.

JÈN YO

Yon repons pou priyè li

Pa Siphilile Khumalo

Yon jou swa, yon zanmi ki manm yon lòt legliz te vin vizite m. Dabitid, mwen toujou li ekriti yo poukont mwen, e jou swa sa a m te pran yo pou m t al li. Mwen te santi m pouse pou m te envite l pou l te li ansanm avèk mwen, men, m te pè, epi konsa m te kòmanse li poukont mwen. M te konnen ke sete yon enspirasyon Lespri a m te repouse. Apre kèk minit, m te mande l avèk prekosyon: “Èske ou ta renmen li ekriti yo avèk mwen?” San okenn ezitasyon, zanmi m nan te reponn, “Wi.”

Nou te li nan Liv Mòmmon an. Li te poze m kèk kesyon, epi m te santi Lespri a gide m pandan m t ap reponn. M te rann temwayaj mwen konsènan verite ki nan Liv Mòmmon an. Lè m te fin fè sa, li te di m: “Mwen tap kriye epi m te pè pandan tout jounen an. M te fèk fin priye Bondye pou mande l pou l ede m lè ou te mande m pou m li ekriti yo avèk ou a. Kounyeya, m santi m pi byen. Mèsi.

Senyè a te itilize m kòm yon enstriman pou reponn yon priyè ak pou sèvi yonn nan pitit Li yo ki te nan bezwen. M konnen enspirasyon se enstriksyon divin ki soti nan men yon Papa saj ki gloriye. Lè nou mete krent nou yo sou kote, nou kite l manifeste pouvwa Li atravè obeyisans nou.

Otè a abite nan Gauteng, Afrik diSid

TIMOUN

Chèche fason pou nou sèvi

Nou kapab chwazi pou nou swiv Jezikri epi pou nou sèvi lòt moun. Desine yon foto ou menm k ap sèvi yon manm nan fanmi ou oubyen yon zanmi epi mete desen an kote li kapab raple ou pou ou fè jantiyès chak jou.

© 2014 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon anglè: 6/13. Apwobasyon tradiksyon: 6/13. Tradiksyon *First Presidency Message, March 2014*. Haitian. 10863 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

Misyon Divin Jezikri: Limyè mond la

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konn kisa pou nou pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye a? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Sa se premye a nan yon seri mesaj Vizit nan fwaye k ap montre aspè sou misyon Sovè a.

Lè nou vin konprann ke Jezikri se Limyè mond la, sa ap ogmante lafwa nou nan Li e n ap vin yon limyè pou lòt moun. Kris la te temwaye konsènan wòl li kòm “vrè limyè a ki klere chak moun ki vini nan mond lan” (D&A 93:2) epi li mande pou nou “leve limye [Li] anlè pou l kapab klere mond lan” (3 Nefi 18:24).

Pwofèt nou yo temwaye konsènan Limyè Kris la tou. Prezidan Henry B. Eyring, Premye Konseye nan Premye Prezidans lan te di: “Chak fwa nou eseye viv plis tankou Sovè a, temwayaj nou ap ranfòse. Nan yon tan, nap vin konnen pou tèt pa nou ke Li se Limyè Mond lan. . . . Nou va reflekte Limyè Kris la ki nan lavi nou an bay lòt moun.”¹

Èldè Quentin L. Cook nan Kolèj Douz Apot yo te di konsènan nou menm kòm limyè mond lan: “Nou dwe pwoteje fanmi nou epi pou

nou vin kanpe devan ansanm avèk tout moun ki gen bòn volonte pou fè tout sa nou kapab pou prezève limyè, esperans, ak moralite nan kominote nou yo.”²

Nan ekriti yo

Jan 8:12;
Doktrin ak Alyans 50:24; 115:5

Nan istwa nou

Fi Sen Dènnye Jou yo toujou kontinye ap leve limyè yo anlè.

Nan 80 tyèm etaj yon bilding ki nan Hong Kong, an Chin, gen yon sè selibatè ki andikape—sèl Sen Dènnye Jou nan fanmi li—ki te kreye yon fwaye ki sete yon paradi kote limenm ak moun ki vizite li te kapab santi enfliyans Sentespri a. Li te konn kenbe liv ekriti yo, manyèl Sosyete Sekou yo, ak liv kantik la toujou tou pre. Li te konn vwayaje al nan tanp pou l fè òdonans pou zansèt li yo.³

Nan Brezil, yon manman fidèl te elve pitit li yo nan limyè levanjil la.

Chan primè yo te ranpli atmosfè nan kay brik wouj li a, epi foto ki soti nan *Liahona* sou tanp, pwofèt Bondye yo, ak Sovè a te kouvri mi lakay li. Limenm avèk mari li te fè sakrifis pou yo te sele nan tanp pou pitit yo te kapab fèt nan alyans la. Li te priye tout tan pou Senyè a te ede l elve pitit li yo nan limyè, laverite, ak fos levanjil la.⁴

NÒT

1. Henry B. Eyring, “A Living Testimony,” *Ensign* oswa *Liahona*, Me 2011, 128.
2. Quentin L. Cook, “Let There Be Light!” *Ensign* oswa *Liahona*, Nov. 2010, 30.
3. See *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), 163–64.
4. Gade *Filles dans mon royaume*, 164.

Kisa M Ka Fè?

1. Diskite sou kisa sa vle di pou yon moun se limyè mond lan jodia.
2. Medite sou fason suiv limyè Kris la ede nou andire eprè.